



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 12/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 13.1 MILYON DOLA POU PWOJÈ AGRIKÒL POU
KONSÈVASYON BON KALITE DLO**

Finansman sipòte 42 pwojè agrikòl pou pwoteje Ravin New York yo

Bidjè FY 2017 la ogmante fon finansman ki disponib pou pwojè fiti yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse ke yo te depanse 13.1 milyon bay 42 pwojè agrikòl pou konsèvasyon bon kalite dlo nan tout eta a, ke 120 fèm agrikòl te benefisye. Finansman sa, ke yo te bay 25 Distrik konsèvasyon Dlo ak Latè Komin yo atravè Pwogram Kontwòl ak Rediksyon Sous Polisyon Agrikòl lan, sipòte pwojè sila yo ki pèmèt agrikiltè yo fè fas ak pwoblèm kalite dlo nan moman kritik priyoritè yo. Ansanm, pwojè sa yo pral travay pou evite polisyon dlo, redwi ewozyon epi limite kantite sediman ki pa bon, ansanm ak lòt detriti ki nan ravin New York yo. Finansman pou pwogram lan, te ogmante nan bidjè 2017 FY la jiska 19 milyon dola, ki pral sipòte lòt pwojè fiti yo.

"Asire ke ravin New York yo rete pwòp se yon bagay esansyèl pou yon tan pwodiktif ki long pou endistri agrikòl nou an ki ap fleri an," **se sa Gouvènè Cuomo te di.**

"Finansman sa a ap bay agrikiltè yo resous yo bezwen pou pwoteje dlo presye nou yo ak kominote ki prel yo, epi favorize yon jestyon anviwònmanal ki pwòp pandan l'ap sipòte pi plis pase 120 fèm agrikòl nan tout eta a."

Atravè pwogram lan, Distrik konsèvasyon Dlo ak Latè Komin yo ap aplike pou sibvansyon konpetitif nan non agrikiltè yo. Pwojè y'ap finanse yo ap resevwa finansman pou fè planifikasyon anviwònmanal oubyen pou ka aplike pi bon pratik jesyon tankou sistèm storaj ak dechè agrikòl, ak sistèm tanpon riveren, konsèvasyon kouvèti kilti ak pratik striktirèl konsèvasyon sòl. Depi pwogram lan te kòmanse an 1994, plis pase 125 milyon dola te distribiye bay 53 Distrik konsèvasyon Dlo ak Latè Komin yo atravè tout eta a, pou ede fèmme yo redwi epi anpeche polisyon sous agrikòl yo.

Plis ke 120 fèm agrikòl atravè peyi a pral benefisye de 42 pwojè finanse yo:

- Central NY - \$3,529,219.00
- Western NY - \$2,428,364.00
- Finger Lakes - \$1,897,956.00
- Capital Rejyon - \$1,819,881.00
- Mohawk Valley - \$1,818,638.00

- Southern Niveau - \$810,551.00
- North eta - \$418,424.00
- Mid Hudson - \$337,755.00

Ou ka jwenn yon lis konplè pwojè deziye yo [la](#).

Prezidan Komite Sena Agrikilti an Senatè Patty Ritchie te di, "Fèmme nou yo ki travay di anpil gen yon istwa fyè ki montre ke yo se de bon jestyonè tè ke yo ap itilize. "Mwen te kontan anpil pou mwen defann ogmantasyon finansman pou pwogram enpòtan sa a nan bidjè leta a, ki pral ede fè l' vin pi fasil pou agrikiltè atravè eta nou an pou yo pwoteje anviwònman pandan y'ap kontinye travay sa ki enpòtan anpil ke y'ap fè pou sipòte endistri leta nou ki ap mennen nan moman."

Prezidan Asanble Leta Komite Agrikilti an, Manm Asanble Bill Magee te di, "Finansman benefik sa a, ke yo bay pou pwojè enpòtan epi nesèsè pou pwoteksyon dlo agrikòl yo, pral ede agrikiltè nou yo pou yo ka pwodwi nouvo manje lokal pou fanmi nou yo, pandan ke yo ap pwoteje entegrite ravin yo ak anviwònman an."

Komisyone Agrikilti ak Mache Eta New York Richard Ball, "Youn nan resous natirèl Eta New York ki pi enpòtan se dlo li, epi nan pwogram sa a, nou ap ede pou asire nou li ret potab epi ka itilize pou lanne ki ap vini yo. Pwojè sa yo bay agrikiltè nou yo abilite pou aplike pi bon estrateji pou bese potansyèl polyan yo, epi pou vin pi bon jestyonè anviwònman, pandan ke y'ap kontinye pwodwi nouvo manje fotifyan pou kominote nou yo. Lè nou ogmante finansman pou pwogram enpòtan sa a, Gouvènè Cuomo ansanm ak Lejislati Leta New York ap franchi yon etap ki enpòtan pou pwoteje ravin nou yo nan fiti."

Komisyone Aktyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Basil Seggos te di, "Don sa yo enpòtan anpil pou ede fèmme pwoteje epi repare ravin eta nou an yo. Atravè pwogram don sa a, Agrikiltè New York yo pral aplike meyè pratik nan administrasyon tankou prensip jestyon konsèvasyon pou pwoteje lak nou yo, kannal ak rivyè nou yo kont degradasyon anviwònmantal."

Pwezidan Komite Konsèvasyon Dlo ak Latè nan eta New York Dale Sten te di, "Fon Pwoteksyon Anviwònmantal lan ap bay kominote agrikòl leta nou yo platfòm pou ka fè konsèvasyon tè an epi aplike pi bon sistèm jesyon inovatè yo. Fon Envestisman Leta nan sistèm konsèvasyon sa yo pa sèlman pwoteje resous natirèl leta a atravè bon jan jestyon anviwònmantal efektiv, men tou li ofri sipò finansye pou ekonomi lokal la."

Pwogram Kontwòl ak Rediksyon Sous Polisyon Agrikòl la finanse atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmantal Eta New York (EPF), ke Leta te ogmante a \$300 milyon dola nan Bidjè Ekzekitif Leta ane 2016-17 la.

Pwogram sa administre pa Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York ansanm avèk Komite Konsèvasyon Dlo ak Latè Leta New York. Li sipòte Sistèm Amdnistrasyon

Agrikòl Anviwònmantal, yon pi gwo efò kap ede agrikiltè yo jwenn pi bon kalite dlo, rezistans klimatik, ansanm ak sistèm agrikòl ki pi efikas.

###

Gen lòt nouvèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanb Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418